



Lanmò nan Ovèdòz Kay Moun New York ki Latino/a, 2021

Byenke yo souvan dekri yo antanke yon gwoup inik, moun ki Latino/a nan Vil New York (New York City, NYC) yo reprezante plis pase 20 peyi orijin oswa gwoup patrimwàn inik. Fèy enfòmasyon sa a mete aksan sou diferans ki genyen nan lanmò ovèdòz kay pi gwo gwoup patrimwàn Latino/a yo nan NYC: Pòto Riken, Dominiken, Santrameriken ak Sidameriken, epi Meksiken.


Se kay moun New York ki Latino/a yo ou jwenn pi gwo kantite moun ki mouri nan ovèdòz.




Se kay moun New York ki latino/a yo ou jwenn dezyèm to lanmò nan ovèdòz ki pi wo (pou chak 100,000 rezidan).



Moun New York ki latino/a yo reprezante 28% nan popilasyon NYC. Gwoup patrimwàn latino/a ki pi gwo nan NYC se Pòto Riken ak Dominiken.




Moun New York ki Latino/a yo reprezante 34% nan kantite moun ki mouri nan ovèdòz. Pa rapò ak estimasyon popilasyon an, moun New York ki Pòto Riken yo gen yon pouvantaj lanmò nan ovèdòz ki pi wo.




Sous: Estimasyon denominatè popilasyon an soti nan Seri Mikwodone pou Itilizasyon Publik (Public Use Microdata Series), Sondaj Kominote Ameriken Resansman Etazini (U.S. Census American Community Survey), 2016-2020. Chif denominatè popilasyon latino/a a soti nan Estimasyon Popilasyon Depatman Sante ak liyèn Mantal (Depatman Sante NYC) fè, ki modifiye apati estimasyon popilasyon ki fèt ant de (2) resansman ki entèpole Biwo Resansman Etazini (U.S. Census Bureau) fè, 2000-2020 (mizajou a fèt oktòb 2021). Done sou moun ki mouri nan ovèdòz yo se sèlman pou moun ki gen ant 15 ak 84 lane yo epi yo soti nan Biwo Medsen Lejis Anchèf NYC a (NYC Office of the Chief Medical Examiner) ak Biwo Estatistik Vital ki nan Depatman Sante NYC (NYC Department of Health's Bureau of Vital Statistics), 2021. Nan kad publikasyon sa a, yo endike patrimwàn Latino/a a sou ak desè a, men si yo pa endike l, yo dekri li kòmkwa li manke. Yon Analiz Biwo Prevansyon, Swen ak Tretman Alkolis ak Toksikomani (Bureau of Alcohol, Drug Use, Prevention, Care and Treatment.). Done pou 2021 yo pwovizwa e yo ka chanje.

Kay moun New York ki Latino/a yo, se kay Pòto Riken yo ou jwenn pi gwo kantite moun ki mouri nan ovèdòz. Enfòmasyon sou patrimwàn nan pa t nan ak desè yon moun New York ki Latino/a sou twa (3) ki te mouri nan yon ovèdòz dwòg.




To lanmò nan ovèdòz kay moun New York ki Pòto Riken yo te pi wo pase to kay moun New York ki Latino/a yo an jeneral.



*Nou pa kapab kalkile to yo poutèt done ki manke.

To lanmò nan ovèdòz kay moun New York ki Pòto Riken yo te pi wo kay gason yo ak moun ki gen ant 35 ak 54 lane yo.

■ Latino/a □ Pòto Riken



Men sibstans ki lakòz moun mouri nan ovèdòz dwòg kay moun New York ki Latino/a yo (kapab genyen plizyè sibstans ki lakoz moun mouri nan ovèdòz):

